Nomer 44 — Salasa 28 April 1925 (4 Sawal 1343) — Taoen ka 1

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor
Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.
Djawa wetan:
Blaoeran G II No. 33a
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmirahna dina 3 sasih f 1,50
Sataoen f 5,—
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Njaloeoeh.

Dinten ieu Sipatahoenan nepangan para djoeragan anoe bade mitjinta mikadeudeuh kana dirina Sip. Etang etang ngalamar malah mandat katoeang, sanggem tjohag mah, pirakoe oerang Soenda teu njaah kana basa djeung bangsana, sageuj teu kersa ngalanggan teh! Nanging ieu mah teu bade tjohag-tjohag, eta bae pedah LEBARAN, dinten ageung sareng sae, nja dinten eta djoeragan teh kenging disebat keur kahoedjanan rahmat, katoeroenan wahjoe, loebar saniskanten kasesah kalepatan, tah koemargi eta manawi bae aja hibarna ti salira djoeragan ngahembos ka Sipatahoenan, nja kersa saterasna mikahoeman moegi ka djadi abonnena anoe setia; tah kitoe noe dimaksad teh. Tjenah eta rebe, kirang kamanah, nja moal dikoemaha, manawi teu' atjan waktosna tangtos Sipatahoenan oge bade wangsoel deui ka Administratiena atanapi teras sina soemolondo ka noe sanes deui.

Hormatna Ad. Sip.

## Silatoerachmi, 1 Sawal 1343

Ojagna sakabeh pikiran di doenja Moeslimin hamo bisa njaritakeun deui sakabeh moeroe-moeroe noe perloe.

1 Sawal, nja eta hidji poë anoe ka tjida dimoeljakeunana dipentingkeunana, sasat hidji sorot tjahaja anoe nja-angan doenja Moeslimin, dipake patokan hiroep oerang, enggoning ngoedag naon bae. Anoe matak oepama nepi kana eta poë teh katjida soekoer na ka Jang-agoeng, njembah soekana ka Pangeran bet ditepikeun deui kana eta waktoe. Sakabeh pikiran anoe aja halangan-haroenganana di loengit keun oepama geus niutjak ka dinja mah, sakabeh kaloeloepoetan-kalelepa tan dimoesnakeun oepama nepi ka ieu poë mah, woengkoel ngarasakeun kamoerahan kaasihan Pangeran bae, anoe teu aja wates-wangenna.

Anoe djaraoeh tjaroendoek, anoe aranggang pada datang dina eta wak toe, ngahadja sadoeloer-doeloer pikeun rioeng moengpoeloeng midjah ka kadang warga. djeung tatangga, manggihan para mitra kenalan kenalan moendjoeng ka para karoehoen nadran ka para ejang anoe geus maroelih ka enggon kalanggeugan.

„Sipatahoenan" oge henteu tinggaleun, mapaj-mapaj para langganan, deudeuheus ka para pangdeudeul, sedja oendjoek Silatoerachmi, njanggakeun kalelepatan, oeroet laugsoeng sa oer bahe tjarek, ti loehoer sasemet ramboet, ti handap sasemet dampal, agoengna ka para loeloehoer, djembar na ka salira para djoeragan, moegi aja sihnapangaksami.

Dina ieu waktos „Sipatahoenan" djedjeg oemoerna 9 sasih, estoe hiroep koe panjoekoep, gede koe pamere, sa nes babasan deui, nganggo aja tambih na, bara-bara sakieu oge. . . . . .

Ka pajoenna oge moal weleh tetelepek, moal wagah tjoemonggah, soemolondo neda ridlo, neda maap sareng haat, soendana mah njoehoenkeun di toemboe oemoer.

Panoetoep saoer, teu aja sanes sami sami njanggakeun kasoegengan moegi moegi sadaja loeloes basoeki doegi ka Lebaran pajoen deui,

Hormatna
Directie
Redactie
Administratie
Sipatahoenan.

## Pamendak ti fabriek tinoen Bandoeng.

Dina panganggalan Siam sim koering dioetoes koe R. O. P. Soekasoekoer mendakan noe keur disakolakeun di eta fabriek, sakalian toemaros ka noe dikawasakeun di dinja tina hal naonnaon kaperloean tinoenan.

Dina „Sipatahoenan", kapoengkoer parantos didadarkeun jen saparantos na wakil R. O. P. dina tentoonstelling Tasikmalaja ningalan tinoenan model baroe karadjinan Tjidjoelang, djol heroj bae, teras naros ti mana asal moeasalna.

Saparantos kenging kateranganana ladjeng ngadeuheus ka Kangdjeng Dalem noe kagoengan jasa pangna aja eta parabot di Tjidjoelang. Andjeunna djangdji bakal neroeskeun panoehoen na R. O. P. ka Departement Landbouw afd. Karadjinan di Bandoeng.

Dina sasih Radjab kamari Kangdjeng Dalem sareng Toean Ambtenaar ti fabriek tinoen Bandoeng saroemping ka Soekasoekoer, kempelan sareng lid lid R. O. P, ngabadanteukeun njakola keun tea. Dawoehanana aja noe perloe diaremoetkeun koe sadaja nja eta hal lolobana bangsa oerang tara tjeuhan, resepna teh ngan sakorotogan. Eta teh djadi panghalang gede katjida kana kamadjoe mana oerang priboemi. Lamoen teu bisa nolakna tangtoe nalapoeng hamo hasil maksoed. Saper ti noe geus kadjadian di Garoet, dina ngamimitian mah pohara osogna, getol dibaroeng djeung goembira. Tapi sanggeusna boeboelanan mah meledre datang panjakit bosenan nja kaliasan datang ka benteuna. Pamenta kami ka oerang dieu, soepaja hasil maksoed sarerea sing bisa nolak panggodana eta panjakit.

Ari kiasna taja deui lian ti sarerea koedoe soson-soson leukeunan oelah weleh weleh samemeh maksoed tea hasil. Djaba ti djoenoen migawena, koedoe daek makena, oelah tjara galibna ajeuna, soengkan make beubeunangan sorangan, saniskara teh ngan meulian bae ti noe sedjen.

Koedoe djieun reklame, njontoan, soepaja noe sedjen naroeroetan.

Boeloe domba, eta teh beunang didjieun simboet atawa alketip. Sakabo paten Tasikmalaja dina sataoen aja kana 6000 K. G. na (± 100 pikoel) boeloe domba, eta teh bisa djadi 4000 simboet a f 5,— meureun 20 reboe roepiaeun.

Doea poeloe reboe roepia lain panga dji saeutik, noe ajeuna mah teu djadi adjen sapeser, kapan.

Lamoen sarerea geus garilig hate, sarta geus naralek maneh. jen rek enjaan, hade boeroe boeroe bae njako lakeun ka Bandoeng, sabab koenoe temem mah ing dalem 3 boelan teh bisa hasil.

. . . . . . . . . .

Nja kamari ieu teh dilongok!

Sadaja sami tingali jen Bandoeng teh poeseurna tanah Pasoendan, tengah tengahna tanah noe ditjitjingan koe oerang Soenda!

Namoeng . . . . estoe matak heran! mangga tingali toeh noe keur narinoen, njarelep di fabriek seuseueurna oerang mana? Geuning noe djaraoeh bae, ti Padang, Pakalongan, Solo, Kediri, Soerabaja, Makasar.

Soendana? Moeng ti Tasikmalaja bae.

Atoeh seuseueurna kekengingan ninoenna oge (noe parantos djadi) saper tos: saroeng sareng pibadjoeeun nja kadjawan sareng kamalajoean bae. Doegi ka waktos sim koering diparik sa koe Toean, tjonto noe mana noe baris didjieun di Soekasoekoer, rada poengak-pingoek da song saroeng palekat djol (Samarinda, hol epek (ales) djeboel hideungan, beh . . . . . , tjindekna taja noe soeroep pisan sareng noe kabiasaan pangabogoh Soenda. Ladjeng andjeunna njandak deui roepi roepi tjonto noe teu atjan dipidamel di eta pabriek, miwarang dipilih, noe koemaha noe dipikarasep koe Soenda teh; horeng di dinja mah seueur ladjeng ditataan; ieu, eta, itoe, boh pikeun istri boh kanggo pameget pepek di dinja mah moeng teu aja bangsa paris gelas bae. Ras deui emoet, naha ari saroeng poleng anggoan pameget Soenda bet teu aja tjontona? Ladjeng dioendjoekkeun ka Toean. Saoerna; Enja di dieu atjan njieun ngan lamoen erek aja tjontona sindjang poleng Bandoeng kagoengan Kangdjeng Dalem" sarta teras ditjan dak tina lomari. Bangsa ieu sapoë bisa anggeus doea. Sim koering gadoeh panoehoen ka andjeunna soepados eta poleng Bd. enggal diadjarkeun meung peung ajeuna oerang Soenda noe ngiring diadjar. Andjeunna djangdji baris teroes diadjarkeun sarta saoerna oepama „roepa anoe noe dipikaresep teh, boeroe boeroe bae kirimkeun tjontona, sangkan di pabriek bisa nga djarkeun.

Sasalsena ningalan roepi-roepi panganggo ladjeng ditjandak kana kamar tjelep, parabot mihane, parabot malet, midamel benang sareng roepi roepi kanteh, boh noe atah atanapi noe parantos ditjelep, bari toemaros pangaos hidji hidjina parabot. Saoer andjeunna moen bajang moerah koedoe meuli sapepeka ± harga f 700.— Engkena bisa maijakal sorangan moal goemantoeng teuing ka pabrik ngan oekoer meuli kanteh atah woengkoel.

Noe parantos tabah mah dina sapoë bisa njieun 1 saroeng samarinda; andoek nepi ka 6 pibadjoeeun bisa nepi ka 8 Meter.

Padamelna di eta fabriek aja 2 toean sareng 2 mantri pameget 1 istri 1 (oerang Djawa).

Noe sarakolana roepi aja noe karep na sorangan diadjar bari diboeroehan sadintenna 35 sen. Aja noe disakolakeun koe nagara sapertos ti Kediri Solo Soerabaja. Di mana parantos tiasa bade ngajakeun eta tinoenan di oenggal district. Aja oge noe disakola keun koe pagoejoeban.

Saparantos nganoehoenkeun ka Toean taboeh 1 oendjoekan bade wangsoel bareng. sareng 2 awewe anoe di sakolakeun tea.

Andjeunna ngadjangdjian tanggal 25 boelan Poeasa tinoenan bakal dikirimkeun. Parendeng sareng fabrik tinoen aja deui fabrik piring sareng parabot beulah peljah eta oge kagoengan Departement Landbouw bagian Karadjinan keneh.

Sadjalan-djalan bari wangsoel ngemoet bae; Eh! tada teuing reugreug pageuhna oepama bangsa oerang seueur noe kersa njakolakeun ka dinja reh bangsa oerang teh kapan parantos aja dadasar ti karoehoen moela, arahli ninoen. da baheula mah bedjana ninoen teh djadi kawadjiban awewe-awewe teu bisa ninoen teh djadi pamojokan, papakean pikeun pisalakieun teh lain tjara kiwari beunang pe sen ti toko, tapi beunangna sorangan Lamoen ninoen digedekeun deui, tangtoe pelak kapas oge djadi madjoe Sasatna oerang mah ngan neroeskeun pangaweroeh karoehoen noe meh mehan kalem kadoedoepak koe ombak teng batan.

P. K.

## Partij² politiek di Indonesia.

Barang Bale Rajat goebrag didjoeroekeun di Indonesia, rentoel koempoelan-koempoelan politiek di Indonesia djaradi lir soeoeng oepamana.

Biasana pagoejoeban - pagoejoeban politiek teh soepaja leuwih koeat ngadjalankeun maksoedna kadjaba ti baroga statuten djeung reglement pada njarieun poko toedjoean (beginselverklaring) djeung programa pagawean (werkprogram) sarta diseboetna oge politiek partij saperti N. I. V. B. (Nederlandsch Indische Vrijzinnige Bond) P, E, B. (Politiek Economische Bond) C. E. P. (Christelijk Etische partij) I. K. P. (Indische Katholieke Partij.) B. O (Boedi Oetomo), I. S D. P. (Indische Sociaal Democratische Partij.) P. S. I. (Partij Sarikat Islam) djeung rea-rea deui N. I. V, B. C. E. P. I. K. P, djeung I. S. D. P. partij-partij noe di adegkeun koe bangsa Walanda sarta noe djadi loeloegoena eta pagoejoeban oerang Eropa. Tatapi rea oge oerang priboemi noe asoep kana pagoejoeban eta sarta aja oge saoerang oerangeun noe djadi lid bestuurna.

Ari P S I, djeung B. O. pakoempoelan noe woengkoel diadegkeunana sar ta dilceloegoean koe oerang priboemi woengkoel.

Teu rek ditjaritakeun naon toedjoeanana atawa naon programa pagaweanana eta kabeh pagoejoeban bisi pandjang teuing.

Djeung deui katjida hesena rek nga beda-bedakeun naon noe ditoedjoe koe eta kabeh pagoejoeban oepama lain djelema noe achli politiek mah, meh teu bisa bae ngabedakeun toedjoean noe saenja-enjana ngan sok radjenn katendjo saeutik eutikeun, oepamana bae tina omonganana di Bale Rajat. Malah hidji propagandist P. E. B keur waktoe openbare propagandavergadering di Bandoeng ditanja, naon bedana P. E B. djeung N. I, V. B. Nja ngadjawabna teh rada teu poegoeh. pondokna mah noe boga pagoejoebanana oge teu gampang bisa ngabedakeun toedjoeanana ti pagoejoeban sedjen.

Karereanana oerang priboemi noe sok ngadenge saeutik-eutikeun tina bab politiek njeboetna ka P. E. B. teh goreng toedjoeanana. Sagala roepa noe goreng sok diteumbleuhkeun ka P. E. B. bae. Malah keur rame djaman Communisten mah rea elid pagoejoeban Communist njeboetna ka „Pasoendan" teh pagoejoeban P. E. B Pasoendan" saroea bae djeung P. E. B

Nja noe kitoe babakoena teh ngan njaho bedja tinoe sedjen teu njaho noe saenja enjana.

Kabeh pagoejoeban - pagoejoeban noe diseboet di loehoer noeroetkeun dina statutenna djeung poko toedjoeanana mah aloes ngan dina prakna sok katembong gorengna teh. oepama di Bale Rajat dina moetoes à njetem sagala roepa perkara kaperloean oerang Indonesia. Kabeh loeloegoe loeloegoe pagoejoeban oepama ditanja djawabna teh aloes toedjoeanana ma lah P. E. B. noe sok koe sawareh di gogoreng oge dina statutenna mah nje boetna rek ngadjoengdjoeng ngamadjoekeun economie oerang priboemi djeung rek ngabantoe soepaja Indonesia geu wat meunang zelfbestuur. Tah meu reun, oepama matja statutenna mah rea noe njeboetkeun pagoejoeban P. E. B. teh aloes. Ngan dina prakna sok teu tjotjog djeung kahajang oerang.

Ajeuna mah keun bae, oerang per tjaja bae ka noe baroga a loeloegoeloeloegoe pagoejoeban tea jen kabeh aloes toedjoeanana, kabeh rek ngama djoekeun oerang priboemi rek noe loeng ka noe moendoer tina economie na. Oepama enja aloes koering menta ka sakabeh pagoejoeban soepaja moerestel ka Pamarentah, babakoena ka pagoejoeban pagoejoeban noe baroga oetoesan oetoesan di Bale Rajat, soe paja padjeg oerang Indonesia ajeuna ditoeroeukeun lantaran katjida beuratna.

Geuning toean Engelenberg voorzit (*)

## Ti pipir hawoe.

Gelenjoe matja dina A. I. D. Preanger Bode Algemeene Ontvanger B. ngaleungit mawa doeit kas saeutik 75000 roepia. Politie Rechercheurs pahiboet neangan noe minggat. Ti gok papanggih djeung noe minggat di hotel Batawi Bandoeng.

Barita keneh ditoangan dina sakoena.

Boeroeloe doeit perak djeung keretas baridil. Noe aja keneh djoembahna f 45000. Toeloej ditanja noe minggat teh koe polisi: Ari djawabna: „Koering mah djelema resep oelin resep pelesir, Koering dibenoem ti Medan ka B. djadi Algemeene ontvanger III de klasse. Gadjih koering f 400. Ajeuna koering koedoe majar persekot Dina boelan April gadjih koering dipotong f 300. Koering djeung anak pamadjikan teu bisa hiroep. Menta tempo soepaja gadjih koering oelah dipotong rea teuing teu meunang. Ah ari kitoe mah rek njokot bae doeit Goeperemen. Toeloej njokot f 75000 dibawa ka Soerabaja teroes ka Bandoeng

Hajang seuri matja djawaban djelema noe dipertjaja koe Goeveremen, njekel poeloehan ratoesan reboe roepia f 400 saboelan teu saeutik saeutik teuing. Gelenjoe mah nepi ka dipangngedoekkeun taneuh beureum oge moal ngalakon boga gadjih sakitoe. Sigana gagabah daek ngagasab kitoe mah lain koe koerang koerang teuing gadjih Kahade ah Pamarentah sing awas eta teh doeit padjeg beunang ngoempoelkeun. Noe didamelna sing areling eling tetep iman, emoet kana kamanoesan sareng ka sampoernaan.

Gelenjoe.

(*)

ter P. E. B. noe di Bale Rajat njeboetkeun jen padjeg oerang priboemi ajeuna katjida beuratna. Ngan koemaha toeloejna tjaritaanana toean Engelenberg teh teu pati terang, tapi andjeunna panoedjoe kana vlootwet keur waktoe distem.

Atoeh asa rada teu poegoeh ari kitoe mah njeboetkeun padjeg oerang priboemi beurat oge, ari teu menta ditoeroenkeun mah taja goenana. Komo deui oepama panoedjoe kana vlootwet da koe ajana vlootwet, tangtoe kaloearan Pamarentah nambahan ari ongkosna vloot tea nja meureun tina padjeg tea.

Koemisi noe sina mariksa beuratna padjeg tea ajeuna geus njanggakeun laporanana njeboetkeun jen padjeg teh beurat teuing, komo tjenah dessahef fingen (padjeg kaperloean dessa)

Panoehoen ka sadaja pagoejoeban a partij noe kagoengan oetoesan di Bale Rajat soepados sadaja moerstel soepados padjeg ajeuna ajeuna dikirangan oepami jaktos eta pagoejoeban bade ngamadjengkeun economiena noe leutik mah. Kadjabi oepami toedjoeanana: „Ah keun bae si leutik mah malarat oge"

Tah ajeuna oerang kari ngawaskeun saha engke dina boelan Mei noe bakal moerstel soepaja padjeg si leutik di toeroenkeun. Saha noe teu panoedjoe atawa teu daek ngabantoe kana eta voorstel nja eta pagoejoeban noe ngan dina kertasna bae rek ngamadjoekeun teh tapi ari boektina rek ngadedetkeun.

## Ngotjorkeun tjai (Irrigatie).

Emoet bae basa njaba ka Tjiandjoer naha ari di deungeun-deungeun mani oenggal imah aja baiong aja solokan aja pantjoeran tjoer tjor tjaina haierang tajoh teuing loetjoena gareuah

**Noe perloe keur pagoejoeban teh, lain omongna woengkoel, tapi djeung prakna digawe !!**

saroegema imah imah njandingkeun tjai. Taksiran panglamoenan sarerea boga balong atawa pantjoeran di pakarangan imah geus sakoemaha teuing resmina genahna hate. Tapi sabalikna imah imah di anoe djaoeh kalja i soemawonna nepi ka hese ka tjai mah, eta mah geus bae pang ngarasa tjilakana, leuwih leuwih nalangsana oepama kahoeroean lieuk euweuh ragap teu aja neangan tjai teu manggih djadi kasoesah teh nikel doea. Nja kitoe deui dina sawah, ngandelkeun ti langit bae mah beu, lapoer sawah noenggoe hoedjan koemaha bisana berekah.

Emoet deui kana saoer sepoeh baheula jen di Bandjar; tah gorehel bae baligeusan ngadjadi koering di Bandjar. Saoer karoehoen jen oerang teh bakal meunang tjai nja eta ti Tjimoeloe. Ari tjimoeloe tea kapan di Tasikmalaja, ari Tasikmalaja teh sakitoe djaoehna ka Bandjar. Tah mangga bantoean maranahan, margi eta teh saoer sepoeh, sanes sisiwo, estoe beunang dipertjaja da boektina memeh aja sasak di Bandjar (Tjitandoej) oge memeh njaho noe rek migawena teh njaho heula sepoeh baheula, nja kitoe deui Pagadean sepoeh geus leuwih ti 35 taoen njahona jen rek diajaan pagadean di Bandjar. Njakitoe deui sepoeh geus terang jen di Bandjar baris aja tjai. Tah eta noe koe koering rek diwajangkeun teh.

Panoehoen ka Pamarentah soepados di Bandjar diajaan Irrigatie, koe emoetan padjeg mah parantos njekapan kana abotna moeng kantoen Irrigatiena anoe teu atjan njekapan kana ajana.

Emoet dina kempelan Hadiah oge di Tasikmalaja aja hoojahna bade ngadamel Irrigatie, nja eta anoe diteda mana bae, hadiah atawa Pamarentah anoe ti heula, asal bae enggal diajaan Irrigatie.

Tangtoe li an tawis noe maraes aja noe rada heran, naha sim koering njanios Tjimoeloe lain Tjitandoej anoe sakitoe iplik aplakna deukeut Bandjar koe simkoering didjawab Tjitandoej mah teu aja saoer sepoehna jen koedoe njaian sawah atawa njaian Bandjar malah tjek sakaol mah Tjitandoej mah mawa teu *mangpaat pikeun oerang, Tjitandoej*mah woengkoel pamitjeunan bae. Anoe mawi majoesan tjariosan karoehoen, Tjimoeloe disoehoenkeun kokotjoranana ka Bandjar.

Beu tada teuing aloesna kota Bandjar (boa djadi Kaboepaten) oepami tjai, rengreng pageuh ampeug beuteung saroegema mamanahan. Katingal bae sakitoe djembarna pisawaheun pihakaneun oerang, pierpaheun lain keur deungeun, pipabrikeun adjang koering.

Tjing hajoe batoer djenoek bala rea oerang pada ngababad sawah, oerang neda neda heula sih tjiteresna anoe ti pajoen soepados kersa njaian (ngotjorkeun tjai)

Ti Aki Balangantrang Tjitandoej.

*) Tjimoeloe moal njekapan tjaina, oepami teu diwoewoeh ti waloengan sanes.

Red.

## Sakola Mulo.

Manawi parantos aroeninga ajeuna mah sakola sakola pertengahan sapertos: Sakola Doktor, Osvia s. t. o. teu nampi deui moerid ti sakola handap Kapajoenna nampina moerid ti sakola Mulo.

Djadi noe bade ngaladjengkeun sakolana ajeuna mah kapaksa kedah ka sakola Mulo heula. Sakola Mulo di mana mana kedah diwoewoehan seueurna.

Manawi sepoeh sepoeh di Tasik oge seueur noe palajeun soepados di Tasik diajaan sakola Mulo. Mangga atoeh sadaja noe aja di Tasik oerang njoehoenkeun ka Pamarentah soepados di Tasik diaajaan sakola Mulo. Nanging katjida sesahna bade dikaboelna etapanoehoen teh. Margi noe parantos kadjadian di Tjerebon ti taoen 1914 bade diajaan Mulo, nanging nembe ajeuna taoen 1925 bade ngadegna eta sakola. Koemaha oepami di Tasik ngajakeun Mulo partikoelir bae. Diadegkeunana koe pagoejoeban „Pangadjaran Pasoendan" noe nembe kenging rechtspersoonlijkheid (Gouv. besluit dd. 23 Maart 1925 No 20). Ieu pakempelan maksadna woengkoel bade ngamadjengkeun pangadjaran oerang priboemi sareng bangsa sanes noe aja di Indonesia babakoena d'iDjawa Koelon (Pasoendan) Koemaha kinten kintenna ieu pamaksadan tiasa djadi atanapi henteu?

Saha saha noe rempag kana ieu maksad moegi kersa ngawartosan ka bestuur „Pangadjaran Pasoendan" p/a Ahmad Atmadja Tasik.

## Tjalon naraka.

Taksiran di oenggal tempat ajeuna keur oesoem diboeat. Roepana senang kawas euweuh kasoesah. Jaktos koe emoetan kitoe.

Nanging si tjalon naraka leuwih ti kitoe. Seuri noe ngeunah teh ajeuna Njotjolna peda beuki tarik, asa tas digawe noe beurat tea bae daharna nimat batan sasari, saugoe pare anjar Nendjo leuit atoeh pinoeh. Aneh toer teu boga sawah. Pendekna matak ka bita keur noe malarat mah.

Geura mangga dangoekeun.

Di bawahan Krawang rek meh sadaja djelema hiroepna tina pangasilan sawah. Oepami angkat ka palebah Tjilamaja teu aja deui kentja katoehoe noe katingali ngan sawah bae. Ajeuna palebah dina rame pisan keur oesoem panen. Raboel anoe naranggoeng paretas derep, Estoe matak loetjoe. Noe ngaliwat oge boga rasa atoh, ngeunah boeungangang nendjo loba pare. Sabab harga pare beas tangtoe bakal moerah. Tapi noe raboel naranggoeugan pare teh kamana djigna? Kamana ngakoetanana pare teh? Tjing awas keun. Bet geuning ka imah galede araloes bae noe di pasar. Naon sababna oerang papaj. Euh geuning paingan pamajar hoetang tjenah. Naha koemaha euj make hoetang? Hih ari djoeragan di dieu mah biasa kitoe. Ari panen lolobana pare ka noe boga doeit bae losna teh. Kantenan gampil djadi beunghar teu koedoe ngagarap sawah sorangan. Nanging anoe ngadjalankeun kitoe teh tjenah seuseueurna mah oerang Palembang sareng Banten noe ngoembara ka dieu. Ari perkara ngindjeum doeit majar koe pare roepi roepi. Djalanna kieu

Ieu teh tjeuk noe kaolo tea.

a. Abdi bade ngidjon, soepaja babari boga doeit. Kieu ngidjon teh: ngindjeum doeit make diborehan koe sawah. Majarna koe pare beubeunangan eta sawah. Saban tina doea perak dina sataoen koedoe dibajar koe sadatjin pare. (Di sapalih tempat mah eta artos noe f 2 tea oepami parantos dibajar koe pare sadatjin leungit, djadi hoetangna loenas. Red.) Tapi ari doea perak mah djongdjon bae 2 roepia, ari tatjan di taoer mah. Atoeh sadatjin pare sataoen angger. Oepami taoen-taoen artosna tangtos nambihan. Sanes babari ngala doeit? Doea roepia djadi sadatjin harga lima roepia. Sapoeloeh roepia djadi lima pikoel saroea djeung f 25. saratoes roepia dibajar koe 50 pikoel harga f 2 50 Rentenna djadi tjeuk si Kabajan mah 250%. Lamoen lila teuing teu majar poko, moeloenjoen teu boga sawah. Dioeroeskeun bae koe loerah. Kikitir diganti. Ngaran noe boga sawah ngegel tjoeroek.

b. Ngagade sawah tandon. Oepami ngagade sawah dina sabaoe ngan dibere f 50. Ngaranna ngagade da boek tina mah noe boga sawah njewa sawahna sorangan. Zegel ditjekel koe noe boga doeit. Saban taoen majar sewaan. Teroes bae ari tatjan majar poko mah. Tapi lamoen lila teuing. djadi halangan. Matak ganti noe bogana nja eta noe mere ngindjeum tea noe boga sawah teh. Kitoe djadina Loerah noeroet sakoemaha biasa. Noe boga sawah ngegel tjoeroek deui bae.

Anoe ngadjalankeun kieu teh lain hidji doea bae, tapi geus biasa. Atoeh babari beungharna. Geura angkat ka Tjilamaja katingali seueur noe kaja. Poegoeh djelema matak watir koe da ek bae di bobodo. Ari oendjoekan ka kapala geus teu tiasa dioeroes deui. Margi sering make Notaris. Ari noe boga mah teu njaho-njaho. Loba noe teu bisa ditoeloeng. Watir.

Malah di Meester aja hidji tjalon noe geus kawentar ka mana mana. Njaeta make Notaris, tapi bedjana noe bogana mah teu dibere njaho. Koe loerah bedjana dioeroeskeun sakoemaha biasa Soerat-soerat teu koedoe njaho. „Taoe beres adje deh" Toeh manoesa doegi ka kitoe.

Aja noe ngindjeum doeit renten ti na saratoes f 60. Taoen kahidji majar koe doeit. Taoen kadoea majar deui koe doeit. Taoen katiloe koe pare. Rasa noe boga hoetang geus loenas. His tatjan. Ajeuna maneh gede keneh toenggakna. Eta sawah ajeuna noe oerang, hartina silaing majar sewaan ka oerang.

Lilana lima taoen. Bareng enggeus lima taoen? His tatjan loenas. Njahonjaho aja zegel notaris, eta sawah lain boga maneh noe rendon, tjeuk loerah. Atoeh hookeun.

Karoenja. Oepama diantep tangtoe teroes bae kitoe. Tjalon naraka tea soegan.

Sk.

## Adat Islam.

Dinten ieu kaping hidji Sawal 1343 noeroetkeun kabiasaan oerang Islam sepoeh anom istri, pameget sadaja sidekah pitrah.

Noe baleunghar sareng noe tjarekap noe kagoengan banda nisab sami mere djakat ka fakir miskin. Malah biasana ieu mah sanes dinten lebaran, nanging memeh lebaran kaping 27 â 28 Siam.

Noe sami ngaloearkeun djakat sareng saha bae noe niat sidekah, koemaha oepami ngahatoeran djakat ageungna f 1,— alitna saketip ka djoeragan Loerah bawahan Tasikmalaja anggoeun artos Hadiah (P. D. H.) Tah oepami kitoe mah manawi perloe kasamboet soenat kadjalankeun. Sidekah ongkoh mere ka P. Doeit Hadiah, ongkoh. Meureun aja noe naros: „Keur naon eta doeit Hadiah keur ngahadiahan saha?" Ih oelah lepat mangartos sanes ngahadiahan saha-saha, ieu mah ngoempoelkeun artos ti noe kersa hadiah (mere) djadi hidji, soepados eta artos kenging dianggo perdjagian, bilih aja noe katjilakaan atanapi naon bae. Dina teu aja noe katjilakaan, eta artos disimpen di Bank atanapi ditamboetkeun keur kaperloean oemoem soepados aja kaoentoenganana, Tah mangga tingalikeun adat dermawan kamoesliminan teh!

## Barang anjar.

Dina waktoe ieu, ejar djalma-djalma di desa-desa silih tanja, koe rek ngadegna Raad kaboepaten tea. Noe geus hawar-hawar meunang katrangan boh ti Loerahna, boh djadi langganan Sip. mani weleh mere katrangan toeroeg-toeroeg noe ditanjana oge koerang kanjahona ongkoh, boro boro mere katrangan pandjang djeung benerna, samanehaneunana oge kakara taram-taram bae meneusan. Abong-abong ka noe anjar, lir ibarat keur babakalan bae, taksiran engke mah geus ngadeg toer anjar keneh saperti noe panganten baë. Ras inget! keur di Batawi koe ngadegna Volksraad keur anjar keneh djadi katjapangan pisan mani pinoeh dina soerat-soerat kabar koe verslagna; tapi ari geus lila mah djep bae djempe.

Maloem djalma kampoeng, kawanina teh ngan ka Loerahna, sagala aja robahan-robahan anjar, toemanjana (hajang aja kanjaho) atawa aja kasoesah tina sagala roepa-roepa hal ngan ka Loerah, tajoh nganggapna teh saperti ka bapa temen bae, basana teh ari tataros ka lebah djoeragan tjamat oge aja basa isin, soemawonna ka salochoereunana mah.

Djisim koering geus remen tataros, meh ilahar di oenggal-oenggal tempat, samangsa - mangsa rek koempoelan district atawa koempoelan nagri, memeh prak koempoelan teh, sok tingrarioeng di waroeng, atawa dina tempat noe ioeh, badami (silih tanja) tina roepa-roepa kaperloean di desana noe perloe dikanjahokeun goena pikeun ka sararea, toeloej nitah ka batoerna Loerah soepaja dioendjoekkeun dina waktoena koempoelan noe dikira-kira koe maranehanana baris wani toer djeung benerna. Tajohna bae manehna rek oendjoekan teu kadoega koe isin, atawa koe sieun salah; sanadjan koe djoeragan voorzitterna dioewar-oewar oge jen koedoe oendjoekan, tapi weleh bae teu daek, kalah ka silih toël di toekang patoedoeh - toedoeh. Komo deui lamoen Chefna sok kagoengan adat teu kaopan, sok aja basa tjala tjoeloe, njanjahoanan madjah teh ari rek oendjoekan ka pangagoeng, koedoe njarita heula ka dewek, geus bae bekas njalahan, toengtoengna ngerakeun, padahal. . . . . .

Koe pangemoet djisim koering, ningal pililihan lid Raad kaboepaten, nilik tina lobana tjatjah djiwa (desa), katjida saeutikna pikeun dina hidjihidji kaboepaten, moega-moega bae koe ieu pilihan sing aja sawatara Loerah noe kapilih kana ieu lid, soepaja bisa silih tanja djeung gampangna mere katrangan ka noe sedjen noe teu kalawan hesena make soeba sita, boga rasa saperti djeung doeloer.

Pikeun tatanjana atawa merena katrangan, kapan desa disadiaan medan Sipatahoenan. Soegan sageuj dina hidji-hidji kaboepaten atawa district euweuh pisan Loerah noe teu ngarti, bodo meneusan mah keun baë, soegan laoen-laoen djadi wani, wanter kasertaan koe bisana, tjenah eta koe make basa Malajoe, atoeh di sakola oge kapan diadjar, sok koerang bener soteh, lantaran teu dipake soegan ari geus boga wadjib mah kapaksa kaasah deui. Sing emoet loerah teh djadi. . . . . .

Sing emoet Loerah teh sabagian gede tina tihangna Pamarentah noe pangdeukeutna ka somah-somah Ngadenge rek diajaan Raad desa, rea somah noe hajang djadi lid eta raad. komo deui kana lid Raad Kaboepaten mah.

Tapi nja eta atoeh!! asana bae moal kabagian tempat, soemawonna somahan, Loerah oge moal bisa kapilih karana noe djadi kiesman tangtoe pisan milihna doenoengan-doenoenganana? bae oepama: djoeragan Wadana atawa Tjamatna, sabab taja deui noe katimbang pinterna oeningana kana bagbagan ngoeroes nagara lian ti eta, toeroeg-toeroeg pielidennana eta barang anjar tea dina hidji district teh ngan oekoer 2-3 bae.

Geura mangga! djoeragan-djoeragan Loerah sing kalersa ngoelik, nambahnambah pangarti, soegan bae aja milik tiasa kapilih kana eta lid, malak mandar aja djalan, geusan djadi pamoentangan batoer-batoer Loerah, katoet pangeusi desana. Eh! era ketah! Haaar hese tjape ngoelik ti ajeunana, aaa dina pilihan lid teh, teu kabagian tempat, djadi hese tjape teu kapake, gampang ari geus djadi, kapaksa koe kawadjiban.

S.

**Panjamboeng.**
Moegi-moegi bae di Raad Kaboepaten aja oetoesan ti oenggal golongan.

Red.

E. PRAWIRAATMADJA
Pamandangan Djokja.
p. f. en p. r. 1 Sawal 1343.

H. MOEHAMAD SAMHOEDI
Sarimbit.
Tasikmalaja, p. f. en p. r. 1 Sawal 1343.

BESTUURSLEDEN PASOENDAN
Tjabang Tasikmalaja.
p. f. en p. r. 1 Sawal 1343.

REDACTIE, DIRECTIE sareng ADMINISTRATIE SIPATAHOENAN
Tasikmalaja.
p. f. en p. r. 1 Sawal

R. KOESNADI
en echtgenoote.
Tasikmalaja, 1 Sawal 1343.

„SOEKAPOERA DRUKKERIJ"
Tasikmalaja.
p. f. en p. r. 1 Sawal 1343.

## Maksadna Silatoerahmi.

Koe oemoemna djelema anoe biasa dipahamanana Silatoerahmi teh njoehoenkeun hampoera tina sakabehna dosa gede leutik, lahir djeung batin. Tapi aja oge anoe ngahartikeun Silatoerahmi nepoengkeun sanak, ngamoemoele atawa ngahiroep hoeripkeun ka barajaan, kasobatan dj. s. t. Oepama nilik anoe boekti, mapaj anoe njata, tangtoe sarerea sami maloem, oentoeng roegi, bagdja djeung tjilaka, lahir djeung batinna goemantoeng tina: **tanaga, pikiran,** djeung **niat**, sorangan dina oenggal-oenggal poë. Anoe matak sakabeh djelema dina saban poë djam, secon. napas djeung sateroesna koedoe bisa inget djeung bisa nendjo tanaga. pikiran rasa hate kana njalametkeun dirina djeung sasama oemat.

Tapi saenjena pagawean atawa tabeat kitoe teh katjida soesahna, bisana didjalankeunana teh kakara koe anoe geus loehoer daradjat kamanoesanana.

Koe sabab eta sakabeh djelema perloe koedoe bisa inget sarta ngarasa boga dosa nganiaja dirina djeung sasama manoesa sarta teroes tobat atawa menta hampoera. Kitoe sababna dina hakekatna sagala agama meredih ka sagala oemat dina saban waktoe koedoe tobat. Koemaha henteu bisa saban waktoe?? Tina sabab katjida rendahna daradjatna, atoeh sapoë sakali, saminggoe sakali, saboelan sakali, atawa sataoen sakali mah oelah nepi ka henteu nja eta dina boelan Sjawal anoe di seboet Silatoerahmi.

Oepami nilik katerangan di loehoer bieu, tobat atawa Silatoerahmi teh aja tiloe perkara: Ka hidji tanaga, kadoea pikiran, djeung ka tiloe ati,

Ari Silatoerahmi anoe leuwih loehoer sarta djelemana anoe geus loehoer daradjatna nja eta tabeat rohka roh anoe make oendak oesoek nepi ka hambalan **Roh Idofie,** kitoe deui kalakoean Kdj. Nabi **Moehmmad** s. a. w. saoemna 30 poë dina boelan Ramedon keur waktoe aja di goeha diseboetna keur tobat, moenadjat ka **Alloh Soebhana Wataala.**

Dina kitab karangan **Sjech Sjarifoeddin Manari** diseboet: Ari ngaran tobat teh hartina balik atawa tinggal tina sagala kalakoean anoe katoekang. Tapi hal tobat beda-beda koemaha daradjat kamanoesaanana. Ari tobat anoe biasa tinggal tina sagala dosa sarta menta hampoera, soepaja leupas tina sagala hoekoeman.

Tobat **„Wadjib"** ka sagala djelema dina saban waktoe, oepama rek mitoeroet kana djalan oetama, soepaja bisa meunang daradjat kaloehoengan.

Tobat anoe saenjana mitjeun sagala kalakoean anoe djadi dosa, koedoe kadoehoeng, nalangsa, sedja moal ngalakonan deui sarta koedoe ngaganti karoegian menta hampoera ka sagala djelema.

Tobat beunang diseboetkeun dasarna sagala kamadjoean atawa ngantebkeun **Iman** (kaoetamaan boedi)

Rea saeutikna tobat goemantoeng kana ipiskandelna **Iman**. Sakabeh djelema oelah pegat pangharepan (koedoe rodja) tina ieu kalakoean, sarta dina sadjero ngadjalankeun oelah karana aja sabab, atawa menta boeroeh.

Sakoemaha katerangan anoe parantos ditjarioskeun bieu manawi parantos tjekap, kanggo pamandangan beda bedana Silatoerahmi, sareng oendak oesoekna daradjat kamanoesaanana. Koe margi beda beda agama tea tangtos djadi beda beda tabeat Silatoerahmi, sareng koemargi robahna djaman oge tiasa ngadjadikeun bedana tabeat dina ngadjalankeun Silatoerahmi. Dina hal robahna adat moal djadi naon naon, asal maksoedna oelah nepi ka leungit, sapertos kapoengkoer mah sasalaman sareng matja doe'a atawa matja solawat, ajeuna koe serat atawa koe kartjis sareng sabangsana. Kitoe deui teu aja awonna tabeat njembah, depe depe, handap asor, digentos koe tabeat anoe petoek sareng djaman. Namoeng noemootkeun adat karaton Djawa soemawonna tjatjah koeritjakan. Radjana oge oepama bade tjalik dina korsi bale loengsi pangadepan, samemehna nganggo toendoek ka Papatih atawa kanoe sedjen anoe, ngadeuheusan, tapi toendoek kana Koedrat-Irodatna **Allah Soebhana Wataala.** Sabab sakoemaha gedena kakawasaanana hidji radja saalam doenja, saperti Kdj, Nabi **Soelaeman,** atawa **Napoleon** masih toendoek kana Koedrat Irodatna **Allah anoe Agoeng.**

Tabeat toendoek, dedepean, handap asor loba pisan maksoedna saperti niat mitjeun tabeat **Takaboer, koemoeloehoen. ieu aing** . . . . . dj. dj. eta.

Tabeat toendoek anoe pangloehoerna. njaeta boga rasa teu aja noe leuwih loehoer sapangeusi alam lian ti **Allah** anoe Agoeng.

Koe margi eta djisim koering sabagian alit tina wakilna **Sipatahoenan**, ngiring moedji moegi-moegi dina sasih Sjawal ieu 1343 roa anoe ngadjalankeun tobat, sareng djadi sabab tambahna djelema anoe terang tatakrama (adat-istiadatna ngalakonan agama lahir batin). Sajaktosna tahoen baroe Islam nja eta dina sasih **Moeharam** (**Soera**), oepami noemoetkeun babad Kanabian (Ambia ti ka ping 1 doegi ka ping 10) Dinten ieu waktosna para Nabi nampi daradjat kamanoesaanana anoe pangloehoerna. Koe margi eta tahoen baroe Islam di ramekeunana teh sanes koe karamean sapertos **Tjap Go Meh,** namoeng sajaktosna kedah di ramekeunana teh koe dikir sareng tapakoer, mitoeroet (itba) ka para Nabi anoe parantos di pasihan daradjat kamanoesaan sakitoe

Amin! Amin!! Amin!!! ja Robboel alamin.

**Tambihoel-Gopilin.**

**Sing oeninga kana oeroesan bagbagan nagara, soepados iasa ngoeroes lemah tjai sorangan!!**

## Ngoeroes boedak.

Lamoen reuneuh geus nepi ka oemoerna 280 poë sok ogo leuwih saeutik, tangtoe ngadjoeroe. Mimiti karasa koe awewe njeri tjangkeng, njeri beuteung, mindeng ka tjai, kaloear anoe bodas. Sawareh awewe sok tara karasa naon-naon. Tempo-tempo di noe dara sok karasa njeri beuteung lamoen piopatwelaspoëeun deui kana ngadjoeroe, tapi njerina ngan sakeudeung djeung teu nemen. Ari rek ngadjoeroe enja mah, njerina katjida beuki lila beuki tarik. Sawareh awewe sok leuleumpangan ari rek ngadjoeroe, tapi noe sedjen deui tara. Maksoedna soepaja gantjang bidjil. Noe geus loba anak gantjang ngadjoeroena. Anoe dara rada lila, aja doea atawa tiloe poë karasana, tapi teu matak djadi halangan.

Ari daharna noe reuneuh biasa bae teu koedoe aja noe dipantrang. Ngan hade pisan oepama ditambah loear biasa koe kadaharan noe sarwa aloes, saperti endog, soesoe, lalab. Maksoedna soepaja koeat. Tapi ari noe reuneuhna djagdjag mah noe tjangker teu pati perloe make ditambahan. Soepaja oelah kemboeng oekoe atawa tariis hade pisan djalan-djalan. Dioerat-oeroet teu perloe bisi misalah tjitjingna boedak, tangtoe bakal hese ngadjoeroena.

Bareng mimitina reuneuh awewe ganti adatna atawa tambah. Aja noe gede ambek aja noe babari poendoengan. Koe sabab kitoe koedoe dikanjahokeun koe salakina, loba hampoerana. Lamoen ngarti moal mindeng pasea. Djaba ti eta loba djeung roepa roepa kahajangna. Komo deui dina iarang dahar mah. Koe oerang hade ditoeroet sakoemaha perloena. Anoe teu hade koedoe dilarang, tapi reudjeung diomongan. Djaba ti eta sok oetah, geus biasa. Lamoen oetah mindeng sore isoek euweuh eureunna, awewena djadi begang, teu daek dahar, hade geuwat bebedja ka dokter. Samemehna noe reuneuh tea ditjoba sina dahar bari ngedeng, djeung koedoe saeutik-saeutik.

Lamoen soesoe geus 6 boelan lepat bae, hade nginoem soesoe sapi reudjeung endog hajam. Oge hade pisan oepama ditambah koe nginoem anggeer haseum, malaga. Ari soesoena ngeusi mah moutong. Djaba ti eta hoeloe soesoe koedoe sering pisan diberesihan koe tjai haneut bae.

Sok loba noe njarita boedak di djero beuteung ngambekan tjara kolot. Eta salah. Sababna di djero pianakan teh eta boedak tjitjingna didjero tjai. Geuning ari brol ngadjoeroe kaloear tjaian. Lamoen ngambekan tangtoe eta tjai kaserot. Koemaha hiroepna eta boedak? Ti indoengna, koe djalan getih. Getih indoengna noe aja kahakanana asoep kana bali. Ti dieu teroes mapaj tali ari-ari asoep kana awak boedak. Sanggeus kapake bajik deui ka indoengna. Terang noe djadi indoeng dahar teh keur deeaan ari kakandoengar mah.

Tina ieu hal noe ditjaritakeun saperloena bae. Engke ka hareup oerang terangkeun waktoe ngadjoeroe, reudjeung boedak orok, papakeanana dj. st.

S. K.

## Provincie djeung Kaboepaten.

Hatoer noehoen Redactie „Sipatahoenan" parantos nampi Brochure (boekoe) Provincie djeung Kaboepaten ti Hoofdbestuur Pasoendan di Bandoeng.

Teu kinten panoedjoena oepami Bandoeng djadi dajeuh Provincie Pasoendan. Bandoeng kotana Pasoendan. Di Bandoeng poeseurna kabinangkitanana, karadjinanana, poelitikna oerang Soenda. Bandoeng noe katjida rosepna, sareng ngarehnahna keur Goepernoer djeung lid-lid Raad Provincie lantaran Bandoeng hawana tiis sareng raos. Sanadjan 3 Gewestelijke Raad:

Banten Batawi sareng Tjerebon njoehoenkeun Batawi soepados djadi kota Provincie, nanging oerang Soenda sareng Gew. Raad Priangan keukeuh njoehoenkeun Bandoeng pikeun dajeuhna Provincie Pasoendan.

## Vereeniging „HIMPOENAN SOEDARA"

**Moskeeweg 7 Bandoeng.**

Ngadag taoen 1913 besluit G. G. 4 October 1913 No. 33.

Mangga tenjepkeun:

Kempelan „Himpoenan Soedara" nja eta pakempelanana bangsa oerang, maksad noeloeng njimpen artos saban sasih pangalitna f 10.— laminа 5 atanapi 10 taoen, koemaha kersana bae, ladjeng dibaroeka.

Anoe parantos diwangsoelkeun salebet:

sasih Januari 1924 f 62.650.—
Januari 1925 f 29.530.—

Ieu sadaja gampil pisan ditjandakna sapertos teundeun oerang sorangan bae.

Dihatoeranan sadaja bae oerang priboemi sing kersa njimpen di H. S. nja eta hidji lantaran kana djalan kagemian sareng kasoegihan, teu salempang naon-naon, saban taoen kenging kaoentoengan pangalitna 5%.

Pasamoanana a Societeitna diboeka saban dinten, oenggal lid tiasa lalebet teu karana contributie deui.

Pangoeroesna: President, Masdoeki Batikhandel Pasar.
Penningmeester R. H. Djoewaoni Batikhandel Pasar 13.
Secretaris. M. Basar Particulier,
Commissarissen, M. Baseeki sareng M. J. Adiwinata sadaja handelaar sareng njewa-njewakeun boemi.

Commissie artos sareng boekoe[2]:
R. Widjajaatmadja Hoofdboekhouder Gw. sareng M. Madt. Winatapoera Kawasa sareng Boekhouder Toko Bouwmaterialen.

Moegi diaremoetkeun deui sing lantip.

1. Noe djaradi pangoeroes tina ieu kempelan teu karenging gadjih, moeng persen bae di mana aja oentoeng djadi terang pisan moal aja karoegetanana.

2. Ieu kempelan parantos ngagadoehan Societeit, teu kalawan majar deui Contributie, ieu oge parantos ngadjadikeun kaoentoengan pikeun oerang, kapan kaoeninga sakitoe sesahna ngajakeun soes teh, pikeun bangsa oerang mah. Koemargi eta tjing atoeh marangga lebet djadi lid V. H. S.

3. Ieu kempelan ngagadoehan kantor sareng societeit sorangan, nja eta kanggo djadi tanggelan lid-lid sadaja.

4. V. H. S djadi pameungkeut sasaderekan antara oerang sadaja kaoem pagawe, soedagar, tani, pangkat mana bae teu pilih martabat sareng daradjat.

5. V. H. S. ngagadoehan medja bola, roepi-roepi serat kabar, eta sadaja ngadjadikeun kaoentoengan ageung kanggo lid-lid. nanggel moal ngaroegelkeun. Katrangan langkoeng pandjang deui sae taras ka Bestuur.

Bestuur.

Kaajaan V. H. S. doegi ka 7 - 4 - 25

| Kekengingan | |
|---|---|
| Simpenan | f 96.405 — |
| Renten | f 1.630,66 |
| Toko indjaman | f 40 303— |
| Denda simpenan | f 15 — |
| Denda hoetang | f 38.72 |
| Entre | f 156 — |
| Djoemblah | f 138547 38 |
| **Kaloearan.** | |
| Diindjemkeun | f 24 973— |
| Moelangkeun Simpenan | f 295 30 — |
| Ongkos ngoeroes | f 437.4 |
| Inventaris | f 6612 20— |
| Artos di kas | f 1994.78— |
| Djoemblah | f 138 547,38 |

## Tjarita „1001 malem".

(Basa Soenda)

Keur ditjitak, moal kantos saminggoe deui oge parantos. Dikaloearkeun koe toko boekoe „PRIBOEMI" Bandoeng; di Tasikmalaja oge tiasa ngagaleuh di Soekapoera Drukkerij.

Pangaos djilid ka 1 mirah pisan, moeng f 0.50.

Koe sae-saena ieu lalakon, doegi ka disalin kana sagala basa, sakoer noe parantos kasebat madjeng mah. Ieu tjarita pandjang katjida, doegi ka didongengkeunana koe istri geulis djenengan Saherasade dina 1001 peuting.

Saoetak saeutik tina eta tjartita parantos seueur oge noe tingali, bedja ti batoer atanapi tina istamboel, sapertos: lalakon Ali Babah, Aladin djeung lantera wasiat. Geuning sakitoe saraena; padahal dina istamboel mah tangtos didjodjoan, dipilih palebah mana noe babari dimaenkeunana. Atoeh kantenan teu tjekap koe ningali istamboel satengah wengi. da sadajana mah didongengkeunana oge dina sareboe hidji wengi; mangga manah sakoemaha pipanojangeunana. Noe ngadongeng, ngadongeng deui, toer oenggal dongeng laloetjoe pisan.

Anoe palaj tingali ti awitna doegi ka tamatna, oetama ngagaleuh boekoena.

Djilid ka I tangtos enggal disoesoel koe djilid ka II.

Eta boekoe kertasna sae, oetama pieusieun lomari boekoe nonoman Soenda.

Noe di Tasikmalaja tiasa ngagaleuh ka Soekapoera Drukkerij. S.

---

A. MANGOENDIWIRJO
Sarimbit
Ht. Tjibenda Bodjong Parigi Bandjar s s. W/L.
p. f. en p. r. 1 Sawal 1343.

## Kabar dagang.

Pasar Batawi 14 April 1925

| | |
|---|---|
| Citronella (minjak sereh) ½ K. G. | f 4.25 |
| Kopra sapikoel | f 18 ½ |
| Damar | f 68.— |
| Kopi sapikoel | f 67 — |
| Beas kaloearan huller sapikoel | f 10.— |
| Goela pasir sapikoel | f 15 ½ |

Pasar Soerabaja 16—April 1925

| | |
|---|---|
| Goela pasir sapikoel | f 11¾ |
| Kopra „ | f 18¾ |
| Kopi „ | f 68½ |


**HOTEL BANDOENG**
di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koeiem di HOTEL „BANDOENG" ditanggel bersih sareng resep.

Noe ngoeroesna oerang Soenda.

Beheerder
**H. I. MAKSOEDI**



**„Kleermaker Atmawidjaja"**
BANDOENG
Di Tjitapen Nomer 7, Tasikmalaja.

Ieu merk anoe parantos kamashoer ti kapoengkoer kaanggo ti bareto padamelanana sae sareng enggal, toer ongkosna biasa.

Ajeuna parantos tjaket kana sasih Sijam, tangtos mendak lebaran, mangga geura enggal miwarang ngadamel faksoekan atanapi lantjingan bijih kasiangan,

Anoe sanget ngadjeng poen
**Atmawidjaja.**





**Preanger Chemicaliën Handel**
Tasikmalaja.

**Ontvangen:**
Karel 1
Delftsche
Moortjes
La Semeuse
Sigaren



**H. I. S. PASOENDAN**
TASIKMALAJA.

Disoebsidie koe Goeperemen. Noe bade ngalebetkeun moerangkalih ka H I. S. P., sae tjandak moerangkalihna koe sepoehna ka sakola ngawitan ti kaping 1 Mei '25 (taboeh 9 endjing).

**Schoolbestuur Pasoendan.**



N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij
**„INDONESIA'**

Kantor loeloegoe Bandoeng.
Bragaweg No. 37 39 Telefoon No. 1135.

Njaeta hidji pagoejoeban bab ngagolangkeun artos noe oerang priboemi, noe ajana pangpajoenna sareng pangloehoerna.

Magi
Diadegkeun koe Boemi oetra.
Dimodalan „ „ „
Ditoengtoen „ „ „
Dioeroes „ „ „
— Keur kaperloean „ „

Nampi sagala roepi asoeransi djiwa sareng Studiebeursen (tjengtjelengan keur diadiar). Katerangan noe langkoeng paos moendoet ka Directie sareng agen-agen.



**„TJITAPENSCHE - WASSCHERIJ"**
Manondjajaweg 31 Tasikmalaja.

Ieu toekang minatoe anoe parantos kadjodjo koe para djoeragan prijantoen di Tasikmalaja anoe alih ngaranggo, tina padamelanana bersih, netjis sareng enggal, toer ongkosna loemrah.

Salamina njajagikeun toekangna ngabantoenan anggoan sareng ngawangsoelkeunana.

Sadaja langganan, ongkosna tiasa sasihan, disoehoonkeun koe rekening dina saaan seepna sasih Walanda.

Sageuj teu palaj njobian, teu palaj ngalanggan??
Saha anoe teu atjan njobian?? Mangga diantos.



**TOKO PASOENDAN**
**STATIONSWEG 33.**

Keretas djilid, roebak, kiat sae, kandel pangaos salambar 4 (opat) Cent. Enggal ngagaleuh.

Wawatjan Soeloek Pandji nembe medal pangos f 0.15 roepi-roepi saroeng geroesan anggoeun lebaran. enz.

Boekoe Hadis miradj K. Nabi f 1,— hidji.

Wawatjan Soeloek Aboenawas f 0,20


## IMPLIK-IMPLIK

**Nji Djoeminem.**

**Koe K. M.**

**Samboengan Sp no. 43.**

**(Diwagel dipetik).**

„Nja eta, nja Iloei pan oerang teh ka djoeragan geus oendjoekan lain, bareto njoehoenkeun ongkos keur ngadangdanan bendoengan . . . . ."

„Wah Si Goena mah. ngan ongkos-ongkos bae eta mah deuleu lain bagian kami, desa eta mah." Madkaja njereng; „barina oge keur naon sadjaoeh djaoeh tina eta bendoengan, oerang mah enggeus bae tarima ti sawahna Pa Djaen, naon make hih! ari taeun teh."

„Eh soemoehoen satadina da teu aja deui djaian sanes, kapan eta oge terasna mah ka inja." tembal Wiragoena keukeuh hajang benel omonganana.

„Wah enggeus kami mah asal tjoekoep tjai bae teu hajang ngabendangbendoeng nanahaon, eta tjenah koerang tjai, nja talobeh ilalaing bae.

Sahoeri katjida teu ngeunaheunana diseboet-seboet talobeh padahal Madkaja anoe katjida misitna emboeng ngaloearkeun ongkos saeutik keur ngome bendoengan anoe sering bedah tapi dasar koemawoela nja dalah dikoemaha.

„Hoetang maneh kari sabaraha timbang-timbang?" bari ngalirik ka Goena

„Kantoen satengah." Dina hatena mah: bedoel, soegan teh rek mere bako, si koemed.

„Ari maneh Ilhapi naon kaboedajan? loegah-ligeuh bae di lemboer?",

„Dawoeh ari djoeragan, kapan soekoe tea teu atjan tjageur. ngan miroenan bae pigemoekeun."

„Iem! Jeum! bawa roeas bako, djeung daoen kawoengna deuih".

Teu lila djol hidji awewe tengah toewoeh bangoenna tjangker ma'loem awewe pagawe datang bari mawa roeas gombong gede djeung sabeoed daoen kawoeng, tatana saperti ka doeloer bae teu siga siga ka doenoengan da roemasa oeroet, „istrina" tea.

„Ke lanan, bawa deui ieuh," omong Madkaja bari ngadjembel bako gede pisan toeloej ditiloekeun, ..

„Taksiran saalam doe . . . .oerang moal aja deui bae bako ngan kaloearan ti dieu nja." Omong Wiragoena bari seuri nampanan bako. Batoer-batoerna miloe seuri ngadenge omong Goena bari dasar toekang kana ngolo tadina mah rek njeboetkeun „saalam doenja" teu toeloes.

Madkaja mani rada ngadangong ngadenge pamoedji Goena, mani geuwat merena bako digedean. njotjeng ti bagian batoerna. „Pendekna mah euj. bako oerang mah geus nepi ka Djokja Solo pek adoekeun djeung Garoet oge atawa Wawasen, ajeuna kami geus njimpen sarewoe di para djoealeun taoen hareup. Djeung deui saha di oerang noe njaho kana rasiahna ngokolakeun bako pek poelitik" Ngomongna kitoe Madkaja bari ngarongkong boekoe notes anoe salawasna tara tinggaleun dina rebigna.

(Aja samboenganana.)

**Oepama teu rek dioeroes koe oerang, koe saha dioeroesna lemah tjai oerang??**

TOKO OBAT

# N. V. Internationale Apotheek en Commissie kantoor

**Kranggan Temanggoeng (Java).**

No. 35 „Minjak pelet" jaitoe seroepa minjak obat jang aneh dan djarang ada en amat bergoena voor orang lelaki . f 10,—
„ 36 „Bedak kalika asem" boeat penjakit koelit ilangken panoe koekoel djara watan boesik ketoehan enz. f 0,70 f 1,25
„Broeke Soap" saboen tjoetji, medja marmer krosi Meubels enz. à f 0,30 per stuks „QUIK" Obat Antie Baciel perloe digantoeng dikamar kakoes (Kamar 100) goedang kamar mandi kamar tidoer enz. per doos . . á f 2.50
„DIABOLIQUE" Eaude Cologne 600% dia poenja kras dingin, meudjadi Anjesnja (Dinginnja) di Hindia kita sendiri arga . . . . . . . . . á f 3,50
Lagi segala saboen wangi Capitola sandalwod Maschmejer Kezer-Borak, Wolf & Son, Carbol enz. arga matjem-matjem dan tanggoeng toelen
Botol „DELPHIN" boeat saring Aer, diantero tempat jang ada aer lantas bisa dapet aer bersi bening, tida takoet ada baciel lagi, binatang lemboet enz. per stuk . i 7,50
Engelsche kitlijm ada limpoeder boeat tikin betoel barang petjahan dari glas kajoe poorselin enz. f 1,50 f 0.74
„Madoe mondrogoeno" perloe boeat anak-anak baji dan sakit panas batoek dan bole boeat makan roti thoe dan lain-lain menoeroet orang poenja soeka sadja . . f 1,--
„Tabak-Saus" Minjak Tembako ini botol tjampoer dengen 50 kati tembako atawa daon tembako boeat cigaret of sigaree lantas itoe sigaren baroem baoenja.



# Toko Saderhana & Kleermakerij

**DAMES HEEREN en KINDER MODE ARTIKELEN**
**STATIONSWEG 41 TASIKMALAJA.**

Sajagi roepi-roepi panganggo istri pameget sareng moerangkalih, sapertos: selop, sapatoe, topi Kamedja, Pijama, saroeng-saroeng Palekat, Koetang, Kamedja istri, blouse. Rookartikelen.

Roepi-roepi lawon piraksoekaneun, roepi-roepi entjit parija, soetra poloe anggoeun kekemben sareng piraksoekaneun, roa deui barang-barang marodel, araneh, sarae, anoe sesah oepami ditataan hidji-hidjina. Sadaja pangaos ditanggel mirah.

Kadjabi ti ngitjalkeun barang-barang marodel, araneh, sarae teh, nampi padamelan kengkenan roepi-roepi anggoan istri pameget sareng moerangkalih, koemaha kapalaj? moal benteu kalaksanakeun, margi toekangna kenging milih anoe parantos kasohor radjinna, tangtos tiasa noemoetkeun sakapalaj toer ongkosna henteu awis deui.

Mangga boektikeun!!

Noe ngantos pesenan
**poen H. MAKSOEDI**



**ENGGAL PESEN**

# Adres „Toko Soenda" Proewita Trisna

**HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W./L.**



Nampi deui roepi-roepi djas boedjan tina karet Waterfroef:
Model Prins Van Oranje poelas boeloe monjet nganggo ban a f 35,—
„ Prins op Wals warna sawo mateng zonder ban a f 30,—
„ Prinses Juliana roepi-roepi kleur kanggo istri a f 15,— t/m f 17,50
„ Biasa karet waterproof kanggo pameget poelas roepi-roepi pangaos tnal f 17,— f 15,50 f 20,— t/m f 22,50.



Roepi-roepi rantaj perak bakar diadoe manis soeasa, kantjing giwang kokot Perak, kantjing perak bakar marodel toer soeroep keur anggoweun oerang pasoendan.

Bagian sindjang kebat, kekemben miwah oedeng batik aleesan, kaloearan Solo, Djokja, Banjoemas, disajagikeun satjekapna panganggo keur oerang Priangan wetan



# TAN HOEN AUW

**Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.**

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Tina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soedados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos
**TAN HOEN AUW**
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.



Nampi pesenan roepi-roepi Costuum
sareng roepi-roepi Pet Kadinesan
anggoeun Prijaji B. B.

Sareng sajagi roepi-roepi ketoe oedeng model kadjawan (Solo atanapi Djokja)

# PAMANDANGAN

**DAGEN - DJOKJAKARTA.**

Dasi noe di damel tina batik teu kinten saena sadaja pesenan dikintoen Rem

Sareng roepi-roepi Pet bodas beureum
anggoeun Prijaji S. S. sareng ngitjal Pasmen
anggoeun Solempang Loerah - Loerah (Koewoe)



TOKO
Universeel Agentschap

# NIC MULLER

**Coenoengladoe No. 15**
**TASIKMALAJA**
Telefoon No. 26.

Awas! Awas! Awas!
**Model! Moerah! Sae!**

Roepi-roepi poelas keur panganggo noe parantos belel djadi sae deui.

Sajagi roepi-roepi landong:
Landong poejeng.
Landong raheut.
Obat koetoe
Lisah Kaloujoh.
Lisah Wangi.
Obat ramboet.
Landong kasawat bool.
Landong kasawat koelit.
Landong soepados tiasa sare.
Landong kasawat lamboet.

Sareng roepi-roepi taroskeun bae bade nganggo naon.

Kahade awas kana obat noe sok ngaresak salira.

Kenging ngagaleuh obat ka filiaal atanapi ka noe ngider.

Hoermatna
**Nic Muller.**



# BINTANG HINDIA

**Algemeen Geill. Weekblad**
Hoofdredactie
**Parada Harahap-Chia Chun Fong**
Redactrice: Anna Sjarif

Rubriek tetap berisi gambar dan artikel: Hindia tjantik, Djempolan Hindia, Literatuur, Kroniek (Buitenl. politiek), Sport, Dalam perdjalanan, Doenia film, Feuilleton, Doenia Isteri dan lain lain.

**Harga langganan f 2,25 sekwartaal**

Tempat advertentie jang paling baik, tarief pantas. - Mintalah proefnummer gratis.

Adres: Bintang Hindia Weltevreden



Poernama Alam ka 6 (tamat) pangaos f 1,—
Soeloek Pandji tamat pangaos f 0.15
Panggeuing ka baroedak f 0.15
Panoengtoen tembang alalagoean f 0.15
Wawatjan Samaoen djaman K. Nabi f 0.45
Poleng Bandoeng

**Toko Pasoendan**
Tasikmalaja Stationsweg 33.



# SAKEDAP DEUI!

Robahan atoeran nagara (Bestuurshervorming) bade didjalankeun!

Ajeuna ambtenaar-ambtenaar sadajana perjogi diadjar.

**Basa Walanda**

tina LEERBOEK, VOORBEELDENBOEK sareng WOORDENBOEK Walanda-Soenda, nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda pikeun diadjar sorangan, henteu kalawan goeroe, anoe parantos kasohor tea.

Pangaosna ieu tiloe boekoe:
Franco di pos, ngintoen postwissel ti pajoen f 3.40. Rembours f 3.65.
Geura enggal pesen.
Oelah ngantosan lami.
Bisi tinggaleun koe batoer!

Hoermat noe ngarang
**L. A. LEZER.**
Tasikmalaja.



**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1924**

# Koek - en Banketbakkerij

**Fabriek**
RADEN NATAMIHARDJA
**Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjabi ti njagikeun Koeweh-koeweh teh, ngawitan ti ping 20 Maart moeka deui (Restaurant) sajagi roepi aroteun, toeangeun, seseupeun, sareng boeah-boeah. Ditanggel bersih sareng njenangkeun kana panggalih, tempat sae toemaninah.

Noe ngantos
Raden Natamihardja.
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.



# SIK DJOEN KWAN

**TOEKANG GIGI**
**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu di toeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadiken kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng senes-senen. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeu waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'
**SIK DJOEN KWAN**
Sarimbit.



**Awas! Oelah lali Awas!!**

# „TOKO EMPANG"

Stationsweg Tasikmalaja.

Sajagi roepi-roepi panganggo KADINESAN, anggoeun PONGGAWA' DESSA, noemoetkeun atoeran ajeuna sapertos:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Stel raksoekan lantjingan bodas ti | f 10,50 doegi ka | f 17,— |
| 1 | „ „ „ drill gading sareng hedjo ti | f 10,— „ „ | f 14,— |
| 1 | Petji anggoeun Loerah complit . . . . . | | f 12,— |
| 1 | Stel (7 kantjing) perak Letter D. . . . . | | f 6,— |
| 1 | „ (7 „ ) nekel „ D. . . . . | | f 3,50 |
| 1 | Pasang polet passement anggoeun Loerah . | f 2,50 sareng | f 3,— |
| 1 | „ „ anggoeun Djoeroetoelis sareng Saterasna . . | | f 0,70 |
| 1 | „ poetis . . . . . | f 2,50 sareng | f 4,50 |
| 1 | „ Sepatoe pandjang koelit hideung (Las) nomer roepi-roepi | f 7,50 sareng | f 10,— |

Oepami ngagaleuh Complit kenging potongan $7^{1}/_{2}$%.

Bilih aja noe palaj nganggo Lawon Lena atanapi half Lena pangaos sae badanten deui.

Hoermatna
**H. M. DJOEWAENI.**



TOKO PALEKAT

# AMING ABDULHAMID

**PASAR BAROE 88, BANDOENG.**

Sajagi roepi-roepi Saroeng palekat tjapKorsi, tjap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend kakiatanana, ditanggel teu tijasa loentoer sareng seueur deui roepi-roepi Palekat noe teu kasebat di dieu.

Roepi-roepi saroeng Soetra, Samarenda, Poentianak, Rengganoe, Poleng damelan Priangan Poleng Cheribon sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjoretna noemoetkeun sakoemaha kapalaj sajagi No. 1 sareng No. 2.

Roepi-roepi barang koeningan damelan Djogja, Soerabaja, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemedang. Sareng nampi pesenan Ketoe-oedeng, model kasoendan sareng Fadjawen, padamelan ditanggel sae.

Barang-barang noe kasebat di loehoer pangaos direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga enggal ngagaleuh (pesen) ka:

**Toko Palekat, Tinoenan, Koperartikelen en Ketoe-oedengmakerij**
Pajoeneun Pasar Baroe pisan No. 88.



TOKO BOEKOE

# M. I. PRAWIRA - WINATA

**GROOTE-LENGKONGWEG 1. BANDOENG.**

Samoedaja kasesahan tangtos itjal, soegrining kasedih galih tanwandeleungit tanpa lebih, ilang tanpa karana oepami enggal-enggal maos boekoe

**WAWATJAN RANGGA - WOELOENG**
NJA ETA SAMBOENGAN
**WAWATJAN DJAKA - OEMBARAN.**

Kaajaan boekoena teu kinten saena, oekoeranana 23 × 16 c. M., kertasna bodas sareng kandel akaarana sareng kembang-kembangna teu kinten saena kawantos tjitakan DRUKKERIJ VORKINK. Kawoewoehan teu kinten kandelna, aja 126 katja 45 poepoeh, 1266 pada.

**Pangaosna moeng f 1.50**
**Franco di Post f 1.65 - Rembours f 2.15**

Ringkesan eusina:

I. Nji Poetri Laelasari, prameswari Radja Oembaran didjeroem (disaroe) koe djin ipri, noe ngaran Nji Gandajang. II. Nji Poetri Laelasari lara balangsak di Aki Pangebonan. Babotna didinja andjeunna poetraan, didjenenganan Rangga-Woeloeng. III. Nji Gandajang djadi prameswari palsoe sarta boga anak, dingaranan Tjantaka. IV. Rangga-Woeloeng ngagandek ka Tjantaka, lantaran ngabelaan. V. Rangga-Woeloeng diperih pati koedoe meunangkeun gadjah poetih. VI. Rangga-Woeloeng dipikaleudeuh koe Radja Oembaran, sabalikna dipikatjeutjeub koe prameswari palsoe. VII. Babales djoedes, Nji Gandajang minda maliwarna djadi djin ipri deui. VIII. Nji Gandajang dudagoe ka Radja Laokoentar, madjar disiksa koe Radja Oembaran. IX. Perang ragot balad Laokoentar sareng balad Boeldansah. X. Oerang Laokoentar toempoer adjoer diamoek koe Rangga-Woeloeng sakantjana. XI. Rangga-Woeloeng djoemeneng radja di Boeldansah ngagentos ramana. Andjeunna hiroep tjikroeh, dirioeng-rioeng koe geloeng, digeleng-geleng koe angkeng, dihempakan koe parawan . . . . . . . . . . . . . . . . . . parantos!

**Koop en verkoop 2de handsch Boeken.**


**Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed**